

BIWO KOMISÈ GOUVÈNMAN MAURA HEALEY

Komonnwèlt Massachusetts

www.mass.gov/ago
(617) 727-2200 | TTY: (617) 727-4765

Enfòmasyon sou Biwo a

Komisè Gouvènman Maura Healey se avoka an chèf ak premye defansè lalwa nan Komonnwèlt Massachusetts. Biwo li sèvi kòm pwoteksyon ak resous pou Komonnwèlt la ak pou rezidan li yo nan plizyè domèn, tankou pwoteksyon konsomatè, lit kont fwod ak koripsyon, pwoteksyon dwa sitwayen, ak ankourajman pou kwasans ekonomik toutbon.

Pou Kontakte Biwo a

Pou jwenn enfòmasyon sou dwa ou genyen, ak sou sèvis gratis pou viktim ak konsomatè, tankou kouman pou depoze yon plent devan biwo nou, ou ka rele nimewo ki ekri pi ba la yo, oswa ale nan pòtay entènèt nou, nan adrès www.mass.gov/ago; oubyen, ou ka ale nan nenpòt nan biwo yo, ki nan Boston, Worcester, Springfield, ak New Bedford pandan lè nòmal biwo yo louvri.

Consumer Advocacy and Response Division (CARD): (617) 727-8400

CARD fè sèvis gratis kòm volontè nan domèn pwoteksyon konsomatè, kidonk li kapab mete konsomatè yo an kontak avèk sèvis nan AGO ki kapab ede yo rezoud yon pwoblèm oswa jwenn repons pou yon kesyon.

Elder Hotline: (888) 243-5337

Elder Hotline ede moun ki gen anpil laj, ansanm ak fanmi yo, jwenn asistans nan pwoblèm yo genyen kòm konsomatè.

Fair Labor Division: (617) 727-3465

Fair Labor Division veye sou aplikasyon lwa pou salè ak lè travay nan Komonnwèlt la, epi li pwoteje anplwaye pou patwon pa esplwate yo.

Open Meeting Law Hotline: (617) 963-2540

Nan nimewo espesyal sa a, avoka ak anplwaye nan Division of Open Government [Divizyon Gouvènman Louvri] bay asistans pou manm nan sèvis leta, pou piblik la, ak pou laprès, lè yo bezwen asistans sou kondisyon Open Meeting Law nan leta a mande.

Civil Rights Division (CRD): (617) 727-2200

CRD veye pou aplikasyon lwa Eta a ak lwa gouvènman ki pwoteje rezidan yo ak vizitè yo kont diskriminasyon poutèt ras, peyi yo soti, si yo se gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, oubyen si yo te sèvi nan lame, si yo andikape, oubyen si yo nan yon lòt kategori ki pwoteje. Si nenpòt moun kwè li se yon viktim diskriminasyon (tankou nan kesyon lojman, jwenn travay, ak sèvis piblik), li kapab depoze yon plent devan CRD.

OFFICE OF ATTORNEY GENERAL MAURA HEALEY COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

www.mass.gov/ago
(617) 727-2200 | TTY: (617) 727-4765

Insurance & Health Care Consumer Helpline: (888) 830-6277

Nimewo dirèk pou asistans sa a ede konsomatè yo nan kesyon ki anrapò avèk swen sante, asirans maladi, ak/oswa asirans pou otomobil ak motosiklèt.

Insurance Fraud Tipline: (617) 573-5330

Nan nimewo pou konsèy sa a, yo resevwa koutfil sou rapò kont fwod nan nenpòt nan domèn sa yo: konpansasyon pou travayè, asirans pou veyikil amotè, andikap, bòdwo pou swen sante, ak asirans pou lè moun p ap travay.

Ou ka jwenn sèvis 24 sou 24

Medicaid Fraud Tipline: (617) 963-2360

Nimewo pou konsèy sa a la pou resevwa koutfil sou kesyon abi oswa neglijan, lè viktim lan se yon rezidan nan yon kote yo swen moun pandan lontan, oswa lè li se viktim yon fwod yon pwofesyonèl sante Medicaid fè.

Ou ka jwenn sèvis 24 sou 24

Victim Witness and Assistance Division (VWAD): (617) 727-2200

VWAD fè evalyasyon kriz pou viktim ak temwen, pou ede yo reprann kontwòl emosyonèl, sikolojik, fizik, ak ekonomik yo, apre pwoblèm ki rive yo. VWAD veye pou fè respekte dwa viktim ak temwen yo, ak pou yo resevwa sèvis Lwa sou Dwa Viktim la garanti.



Ou ka wè enfòmasyon sou dwa ou, ak sou sèvis ou ka jwenn sou kesyon òdinè viktim ak konsomatè, oubyen gade kote biwo rejyonnal nou yo ye nan Boston, New Bedford, Springfield ak Worcester, oubyen depoze yon plent anliy nenpòt kilè nan adrès entènèt nou, nan

www.mass.gov/ago



One Ashburton Place
Boston, MA 02108
Phone: (617) 727-2200

1441 Main Street, 12th Floor
Springfield, MA 01103
Phone: (413) 784-1240

105 William Street; First Floor
New Bedford, MA 02740
Phone: (508) 990-9700

10 Mechanic Street - Suite 301
Worcester, MA 01608
Phone: (508) 792-7600